# Депутатазде хитIаб

Гьале тIаде щолеб буго, росдал бетIер вищиялъул къо. Гьев вищизе кканани, тIоцебесеб иргаялда нилъеца рищизе ккола ракIчIарал, божарал, росдал ургъел гьабулел депутатал. Гьелги абуни рукIине ккола ритIухъал, росдаеги, росдал бетIерасеги кумекалъе ратулеллъун. Щибаб росулъго гIадин, нилъер гIадамазулги хабар букIуна «Росу тун къватIир гIумру гьабун ругел, рихьуларел, хIажаталъур ратуларел депутатал рищизе гьечIин» абун. Гьеб пикру мекъаб буго,гьелги рищизе ккола, гьезиеги рес кьезе ккола росдае мунпагIаталлъун рукIине. Ва амма, рищун хадур, росдадаса тIурун, ратIа чIолел, хIажаталъур ратулареллъун рукIин гьезул мекъаб рахъ буго. Гьезда гьеб бичIчIинаби нилъеда тIадабги буго. Гьеле гьедин чIолезда тIад хIалтIи гьабизелъун буго, дица депутатлъиялде кандидатура лъурабги. Росдал бетIерасда цадахъ лъугьун депутатаз хIалтIаби гьаруни: жамгIиял ишазда, гIадлияб рахъ цIуниялда ва росдае хIажатал киналниги бак1азда росулъ гIадлуги букIуна, берцинаб хIалтIиги лъугьуна. Живго бетIерги гьездаса нечон, гIадамазул мурадги тIубан ритIухълъиялда хIалтIула. Нужецаго цо хIисаб гьабея, гьал ахирал соназда рукIарал депутатаз гьабурабги гьабичIебги хIалтIиялъул. Гьел ратичIо росдал унти баччулеллъунги, бетIерасде бадибе абизе кколеб рагIи абулеллъунги, гьесие хIалае рахъун кумек гьабулеллъунги. ХIатта, росдал гIадамазда щал депутатал ругелгицин лъачIого ана гьезул депутатлъиялъул болжал. Гьединаб къагIидаялъ хIалтIи гьабулел депутатал росдае хIажат гьечIо. Росдал бокьарав чиясда гьикъани, депутатлъунги росдал бетIерлъунги кинав чи нужее хIажат вугилан, гьез къокъго жаваб кьезе буго «лъикIав, ритIухъав, гIадлу бугев» абун. ТIоцебесеб иргаялда депутатасда лъазе ккола, жив халкъалъ кIудияб божилъигун, вищулев вукIин ва жинца росдал бетIерлъун,росдае пайда бугев вищизе кколев вукIин. Жанир раккун хIисаб гьабураб мехалда якъинлъулеб буго,росдал тIалабчилъигун хIалтIи гьабизе бокьулел депутатал нилъеца рищулел гьечIолъиялъ, депутатасда тIадал хIалтIаби гьаричIого хутIулел рук1ин. Ва гьелдаго цадахъ, росулъ гIумру хасго росдал ургъел гьез гьабулеб гьечIолъиялъ кинабго квер хьвагIун толебги букIин.

Мисалчилъиялда гIадамазе цебехъанлъиги гьабулаго депутатас тIалаб гьабизе ккола росдал. Гьесда лъазе тIадаб буго росдал советалъул бюджеталде бачIунеб гIарцул хал гьабизеги, гьелъул къадар халкъалда баян гьабизеги, бачIараб гIарац росдае хIажатаб бакIазда хIалтIизабизеги ва лъагIалил ахиралда росдае хIисаб кьезеги.Нагагьлъун росдал бетIерас хIалтIи гьабулеб гьечIони, гьесул суал депутатазул данделъиялда цебе лъезеги тIадаб буго гьесда ва кканани гьев хIалтIудаса эркен гьавизеги рес буго гьесул. Щай гурелъул депутатазда бугелъул гIадамаз гьаракьги кьун росдал гIумру божизабун, щуго соналъ балъаргъулеб росу тезе бегьуларо. Гьединав ай росдае ритIухъав депутат вугони росулъ кинабго рахъалъ гIадлуги букIуна. Гьеб жавабчилъи т1ад босизе бокьичIес, хадуб живго халкъалъул нагIанаялде ккечIого вукIине, жакъаго жиндирго мандаталдаса инкарги гьабизе ккела. Пуланав чи росдал бетIерлъун вищиялъе гIоло депутатлъиялде кандидатура дуца лъун батани, гьеб мекъаб иш буго. Гьев, дуца вищарав росдал бетIерас тасамахIлъиялда хIалтIи биччани, лъан букIа дуда, гьелъул жаваб дуца Аллагьасдаги ва росдал гIадамаздаги цебе кьезе кколеблъи. Росдал бетIерлъун вахъине бокьарас, жив бергьине кканани 11 депутатасдаса, анльгояс жиндие гьаракь кьезе кколин абун, гьарунги, хIелунги, гIага-божаразул кандидатура лъезабулеб буго. Жидее вокьарав росдал бетIер вищичIел депутатазул хадубккун жигарчилъиги холеб буго. Къокъаб хIасил, гьелдалъун депутатаз жидерго тIадал ишал гьаричIого росдадехун квер хьвагIунги толеб буго. Гьеле гьелдалъунин росдал хIалтIиги цебехун унареб. Нилъеего хъулухъ, хIалтIи балагьулаго росдае нилъеца зарал гьабизе бегьуларо. КъваригIун вуго ритIухълъиялда, росдал кинабго рахъалдаса тIалаб гьабулев бетIерги ва депутаталги.

Росдал бетIерасул ишал, ракIбацIцIадго, жавабчилъигун гьабизе цIакъ захIматаб хIалтIи буго. ГIемер чиясул гIайибги щолеб, кинавго чи ващадги гьавизе кIолареб. Кин бугониги, гьеб хIалтIи тIад босизе бокьарал гIолохъаби нилъеда гьоркьор ратиялдаса нилъ чIухIизе ва рохизе ккола. Амма гьездаги лъазе ккола гьеб цIакъ жавабчилъи кIудияб хIалтIи букIин ва гьоркь вукIарасдаса анцIго нухалъ лъикI жинца хIалтIи гьабизе кколеблъи.

Бегавул, гIицIго росдал цевехъанлъун гуревги вукIине ккола, гIисиназе эменлъунги, гIел бащадазе вацлъунги, чIахIиязе васлъунги. Гьесулъ букIине ккола бахIарчилъиги, тIалабчилъиги, рацIцIалъиги, чIухIи гьечIолъиги,



росдал къадру борхизабиги, гьелъул тарих цебетIезабиги, къадилъиги, пачалихъалдаса росдае хIажатаб жо тIалаб гьабулаго гьардухъанлъиги. Ва бищунго чорхолъ бессун букIине ккола гIаданлъи. ГIаданлъи чорхолъ гьечIев чиясул яхI-намус билараб букIуна. Гьесда ракIалда букIине ккела, жив гьеб хIалтIуде хIелун, гьарун вачIараблъи ва вачIарабго гIадин нахъеги уневлъи. Амма, лъикIав чиясул чорхолъ гIаданлъи хутIула, гьев халкъалъеги вокьула. Гьесда тIадаб буго росдал тIалаб гьабизе: мегъалъул, рохьазул, ракьалъул, лълъимазул, хIоразул, токалъул, газалъул, нухазул, росдал гIадлияб рахъ букIинабиялъул. БоцIи эркенго толездаги тIад хIалтIи гьабизе ккола гьес. Мекъи хьвадулел гIага-божараздаса байбихьун, дур-дир абун чи ватIа гьавичIого хIалтIи гьабуни, кинабго цебехунги уна.

Нужерги суал бачIине бегьула «Гьанже херлъунги вугин Салман, щибизе гьасие гьаб депутатлъиго?» абун. Херлъун вугониги дун Аллагьас жеги рухI-жаналда тун вуго. ГIемер чияс гьарана дида, росдал бетIерлъи гьабизе кандидатура лъеян. Гьеле гьелъие дун херлъун вуго, амма депутатлъи гьабизе дун рухIалда вуго. «Хераб оцалъ рахъ гьварид бахъулин» аби буго умумузул, херав чиясулги хIалтIи бацIцIадаб, ритIухъаб ва гIакълу кьолеб букIуна. Гьеб лъеялъе аслияб магIнаги буго, росдае гIоло ракIбацIцIадаб хIалтIи гьабизе, росдал депутатазе ва бетIерасе кумек гьабизе бокьи. ХIалтIи гьабуларев депутат вукIа, бетIер вукIа гьесул суал борхизе, ва кканани законалъулгун уставалъул тIалабазда рекъон гьел жидерго ишаздаса махIрум гьаризе. Гьелъие цебехъанлъи гьабизеги, бадиб рагIи абизеги, росдада цеве вахъун лъагIалил ахиралда администрациялъ гьаруралги гьаричIелги хIалтIабазул отчет кьезеги дун хIадурав вуго. Лъидасаниги нечезеги гьечIо, щай абуни дицагоги, районалъул бетIерги ахIун халкъалъе, рагьун кьедал отчет. Гьеб нужедаги лъала. Дун росдал гьадингоги абадияв депутат вуго. Росдада жаниб, жинца тасамахIлъи биччалезулгун дица гIадлилаб рахъалъ хабар гьабидал «Мун щиван?» абулелги камичIо. Гьеле гьединазе жаваб кьезеги, гьел битIараб нухде рачинеги, росдал администрациялъе ритIухълъиялда кумек гьабун хIалтIи гьабизе бокьиялъги лъолеб буго дица кандидатура.

Дир программаялда буго: Росулъ гIадлияб рахъ цIуни, росдае пайдаял хIалтIаби гьариялъе администрациягун цадахъ лъугьин, районалдаса росдае хIажатаб жо гьаризе ин, (гьенир хIалтIулел нухмалъулел диргун лъикIаб гьудуллъиялда рукIунел гIадамал руго).

Нагагьлъун росдае гьаризе кколел, жидеда тIадал хIалтIаби бетIерасги, депутатазги тасамахIлъиялда толел ругони, гьезул суал росдал собраниялда борхи. Администрациялъул бюджеталде бачIараб гIарцул ва гьелъ гьабураб хIалтIул баян халкъалда цебе кьей. Гьабулеб хIалтIуда хадуб хал ккей. Росдае пайдаялъе гьабулеб щибаб жоялъе магI гIадин цадахъ вукIине. Мусаевас колхозалъул мина кьуни росдае тарихияб музей гьаби. Гьелъие гIураб материалги бакIарун буго.

ХIурматиял депутатал! Дун, дие бокьухъе вукIина, дида тIаде гьаб кколаро, доб кколароянги абун квер хьвагIун чIезе нужеда ракIалда батани, метер нужго росдае рихинчIого рукIине, жакъаго ургъе. Цересел депутатазго гIадин, квер хьвагIун тезе бегьиларо росу. КIочон тоге нилъ халкъалъ рищарал депутатал рукIин.

Рищиялги лъугIана, Салманги бергьана, гьесдаги ва тIолалго районалъулго депутатаздаги баркула баркат-рахIматалъе лъолеб галиги, бегьулеб кверги батаги щивав депутатасул. Салманил макъала, цо анкьалъ кватIун ккун букIаниги, жакъасеб къоялда хурхараб буго, хадусел рищиязданги гьаб хитIаб хIалтIизабизе бегьула ва бергьарал кандидатаз жидеегоги васигатлъун цIунаниги мекьиги ккеларо. Депутаталлъунги рахъанин, хъулухъчагIиянги кканани...халкъалъул лагъзаллъун рукIине кколеллъиги кIочон течIони...тIаде хариялъулги рукIунин рищиял, щолел нуж халкъалда ракIалдеги.

Киназего тавпикъ, таруге нужерго рагIудасанги нухдасанги кидаго.

**Салман ХIасбулаев.**